# BASLAWÍSH KLASS ANA TILI SABAQALARÍNDA OQÍWSHÍLARDÍŃ SÓYLEW KOMPETENCÍYALARÍN RAWAJLANDÍRÍW

**N.Allashova,**
*NMPI «Gumanitar hám jámiyetlik pánlerdi aralıqtan oqıtıw» kafedrası stajyor oqıtıwshısı*

**Z.Joldasbaeva,**
*Sırtqı tálim bólimi Baslawısh tálim bağdarı 2-kurs (2-qánigelik) talabası*

***Annotaciya***. *Bul maqala ana tili sabaqlarında oqıwshılardıń sóylew kompetenciyasın rawajlandırıw usıllarına arnalğan. Oqıwshılardıń sóylew kompetencıyasınıń ana tili sabağında shınığıwlar arqalı gúrrińler arqalı rawajlanıwı sóz etiledi.*

***Tayanısh sózler:*** *ana tili, kompetenciya, awızeki sóylew.*

Ana tili sabaqlarınıń nátiyjesi hám pedagogikalıq maqseti búgingi kúnde jaslardı milliy ruwxıylıqqa tárbiyalaw, olarda milliy qádiriyatlarğa húrmet sezimin qáliplestiriw, tálim aldında turğan wazıypalardı ámelge asırıw úlken áhmiyetke iye boladı.

Mámleketimizde bilimlendiriw tarawında alıp barılıp atırğan reformalarda ulıwma bilim beriw mektepleri sheshiwshi kúshke aylanğanı áyne haqıyqat bolıp tabıladı. Mekteplerde keleshek áwladtı tárbiyalawğa bağdarlanğan múmkinshilikler óz gezeginde, pedagog xızmetkerlerden sapalı tálim-tárbiya beriwdi, oqıwshılardan bolsa puqta bilim alıwdı talap etedi. Bul óz gezeginde hár bir oqıtıwshınıń tiykarğı minneti jáne de joqarı juwapkershilik hám wazıypalardı júkleydi. Baslawısh tálim tálim-tárbiyanıń tiykarı buwını bolıp tabıladı. Tırnaq qanshelli bekkem bolsa, jay sonshelli shıdamlı bolğanı sıyaqlı, jetilisken baslawısh tálim alğan oqıwshılar joqarı klaslarda da tálimniń keyingi basqıshlarında da hesh qıyıshılıqlarsız jáne de joqarı nátiyjelerge erise aladı. Sol sebepli baslawısh klass oqıtıwshıları sawatın shığarıwda, olarğa bekkem bilim beriw hám olarda zárúrli kónlikpe hám ilimiy tájiriybelerdi qáliplestiriwde barlıq imkaniyatlardi iske salıw, dáslepki tálim-tárbiya procesin sapalı alıp barıw kerek.

Baslawısh klaslarda ana tili pánin oqıtıwda zamanagóy informaciya texnologiyalarınan paydalanıwdıń keń múmkinshilikleri jaratılğan, jáne bulardıń qatarına oqıw ádebiyatlarınıń jańa áwladları: elektron oqıw qollanbalar, elektron

sabaqlıqlar, qısqa interaktiv oqıw programmaları, audio qollanbalar, multimedialı sabaqlardı kirgiziw múmkin. Baslawısh klass ana tili sabaqlarında sóz jasaw, gáp dúziw hám tekst jaratılıwǵa mólsherlengen kommunikativ modullar oqıwshılardı anıq, jedel pikirlewge, anıq maqsetke umtılıwǵa, kerek bolsa óz pikirin qorǵaw hám tastıyıqlawǵa úyretedi, óz sóylew sheberligin ǵárezsiz rawajlandırıw ushın múmkinshilik jaratadı [1.160].

Baslawısh klasta Ana tili sabaqlarında gúrriń arqalı oqıwshılardıń sóylew kompetenciyasın rawajlandırıwdıń tómendegi waziypaları bar:

- baslawısh klass ana tili sabaqlarında gúrriń arqalı oqıwshılardıń sóylew kompetenciyalarin jetilistiriw máselelerin úyreniw, sheshiliwi kerek mashqalalardı analiz etiw;

- oqıwshılarǵa gúrrińlesiw arqalı olardı kitapqúmarlıqqa úndew, insanıylıq paziyletleri tiykarında tárbiyalaw, aytılıwı qıyın sózlerdi tuwrı aytıwǵa úyretiw;

- baslawısh klass ana tili sabaqlarında gúrriń arqalı oqıwshılardıń sóylew kompetenciyaların rawajlandırıw metodikasın islep shıǵıw.Baslawısh klass oqıwshılarnıń alǵan biliminiń nátiyjesin kóriwde kompetenciyanıń áhmiyeti joqarı dárejede. Kompetenciya sózi inglis tilinen alınǵan bolıp "competence" túsinigi leksikologiyalıq tárepten tikkeley "qábilet" mánisin ańlatadı. Mazmunına qaray bolsa "iskerlikte teoriyalıq bilimlerden nátiyjeli paydalanıw, joqarı dárejedegi kásiplik ilimiy tájriybe, uqıplılıqtıń kórinisı" túsinigin bildiredi. Qánige tárepinen kásiplik iskerlikti ámelge asırıw ushın zárúr bolǵan bilim, kónlikpe hám uqıplardiń iyeleniwi hám olardı ámelde joqarı dárejede qollay alınıwı mánisinde qollanıladı.

"Ana tili" pánin oqıtıw processinde oqıwshılarda tómendegi kompetenciyalar qáliplestiriledi:

Sóylew kompetentsiyası:

- Tıńlap túsiniw;
- Pıkırdi awızekı bayanlaw ;
- Oqıw ;
- Pıkırdı jazba bayanlaw.

Lingvistikakıq kompetentciya:

- fonetika (orfografika, grafika )
-leksikalıq;
-grammatikalıq;

Sóylew kompetenciyasın payda etiwden maqset anıq: balalardı kórkem ádebiyatqa baylanıslı til normalarına ámel ete otırıp tuwrı sóylew hám óz pikirlerin

jazba túrde tuwrı ańlatıwǵa úyretiw. Lingvistikakıq kompetentciya: bunda balalardıń seslerdi tuwrı aytıwı ,tuwrı jazaıwı hám basqaları túsiniledi.

Baslawısh klass oqıwshılarında kitap qumarlıq arqalı oqıwshılardıń dúnyaǵa kózqarasın keńeytiw, sóylew kompetenciyaların rawajlandırıw, ruwxıylıqtı qáliplestiriw zárúrli wazıypalardan esaplanadı. Házirgi waqıtta qabıl etilgen global tendenciyalarǵa kóre jas áwlattıń oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıw áhmiyetli waziypalardıń biri esaplanadı.Baslawısh klass oqıwshılarınıń awızeki sóylewin qáliplestiriwde kitaptıń ornı júdá úlken. Sonlıqtan, kitap oqıw arqalı oqıwshılardıń: sóylewi (sóylew sózligi) de bayıydı; oylawı ósedi; aqılı rawajlanadı; yadı bekkemlenedi;tuyǵıları (tuyǵı sıpatları, tiykarınan, kewil bildiriw tuyǵısı) tárbiyalanadı; “social aqılı” qáliplesedi**[2]**.Baslawısh klass oqıwshıların gúrriń arqalı sóylew kompetenciyaların rawajlandırıw, tuwrı aytıwǵa, erkin pikirlewge úyretiwde xalıq naqılları hám jumbaqlardı da únemli paydalanıw múmkin. Mısalı, oqıwshılardı 2 toparǵa ajıratıp, olardıń hár birine tómendegi jumbaqlardı tapsırıp, tuwrı oqıw jáne onıń juwabın tabıwdı tapsırıw múmkin.

Bazardan tabılmaydı,
Tárezige tartılmaydi,
Ózi paldan da tatlı,
Biraq onı jep bolmaydi. (Uyqı).
Saban minip say keshtim,
Sayasın kórmedim,
Qızıl maqpal ton kiydim,
Qıziǵın kórmedim. (Tús)
Ustasań qolǵa ilinbes, qarasań kózge kórinbes,
Júrgende izi joq, kóretuǵin kózi joq,
Gúwildese kózi bar, Tań qalarlıq nesi bar,
Oy deseńiz kóresiz, Káramatin bilesiz. (Samal).[3.57] Bul sıyaqlı jumbaqlar oqıwshılar sóylewin ósiriw menen birge, tapqırlıqqa, intellektual qábiletin rawajlandırıwǵa da járdem beredi.

Juwmaqlap aytqanda baslawısh klass oqıwshılarınıń sóylew kompetenciyaların rawajlandırıw, jámáát aldında óz pikirin tuwrı ańlatıwǵa úyretiw maqsetinde oqıtıwshı basshılıǵında klassta yamasa ilajlarda gúrrińlerdi hám erteklerdı saxnalıq kórinis retinde alıp shıǵıw múmkin. Bul álbette qızıǵıwshı, belsendi hám shaqqan baslawısh tálim balalarınıń, intellektual iskerligine unamlı tásir kórsetedi.

**Ádebiyatlar:**

1. Bekniyazova N. Boshlanǵich sinflar ona tili darslarida óquvchilarga matn yaratishni órgatish metodikasi (tálim ózbek va qoraqalpoq tillarida olib boriladigan maktablar misolida): Monografiya. – Toshkent: « Fan va texnologiya », 2012. – 160 b.
2. Орлова Э.А. Рекомендация по повышению уровня читателъской компетенции в рамках Националъной программы поддержки и развитя чтении // http://ifapcom.ru/files/publications/rekomend
3. Berdimuratov E., Pirniyazov J., Allanazarov Q., Uspanova J. Oqiw kitabi uliwma orta bilim beriw mekteplerinin’ 4-klasi ushun sabaqliq. – No’kis: Qaraqalpaqstan, 2017.–B. 57
4. https://scholar.google.ru/citations?view_op=view_citation&hl=ru&user=jitKS9YAAAAJ&citation_for_view=jitKS9YAAAAJ:u-x6o8ySG0sC